ФИФІ ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ ІЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКІУ

АДЫГЭ ХАБЗЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КЪБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЬАНДЭРЭ КЪЫДОКІ

№151 (22.059) ● 2011 гъэм шыщхьэІум (августым) и 11, махуэку ● Тхьэмахуэм тхуэ къыдокІ ● И уасэр соми 3-щ ● adyghe@mail.ru adyghepsale.ru

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и щІ ЛъапІэхэр яфІэщыным и Іуэхукіэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президентым и Указ

Узыншагъэр хъумэн ІэнатІэм зегъэужыным хэлъхьэныгъэшхуэ зэрыхуащІам икІи илъэс куэд хъуауэ хьэлэмуі зэрылажьэм папщІэ

щІэ лъапІэхэр яфІэщын:

«Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щІыхь зиІэ и дохутыр»

Белых Иринэ Сергей и пхъум - Урысей Федерацэм Къэрал кІуэцІ Іуэхуэхэмкіэ и министерствэм и «Налшык» санаторэ» узыншагъэр хъумэнымкіэ къэрал Іуэхущіапіэм и дохутыр-терапевтым

Гуревич Борис Ной и къуэм - «Къэрал кІуэцІ Іуэхуэхэмкіэ министерствэу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыІэм и медико-санитарнэ часть» узыншагъэр хъумэнымкіэ федеральнэ къэрал Іуэхущіапіэм къэрал санитар эпидемиологическэ кІэлъыплъныгъэмкіэ и центрым и санитар дохутырым и дзІэпыкъуэгъум.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президент КЪАНОКЪУЭ Арсен.

Налшык къалэ
2011 гъэм шыщхьэІум и 5-м
№118-УП

«Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм физическэ щэнхабзэмрэ спортымкІэ щІыхь зиІэ и лэжьакІуэ» щІэ лъапІэр яфІэщыным и Іуэхукіэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президентым и Указ

Республикэм физическэ щэнхабзэмрэ спортымрэ зыщегъэужьыным хэлъхьэныгъэшхуэ зэрыхуащІам папщІэ «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм физическэ щэнхабзэмрэ спортымкІэ щІыхь зиІэ и лэжьакІуэ» щІэ лъапІэр яфІэщын

Амщокъуэ Артур Заудин и къуэм - «Гъэмахуэ спорт лІэужьыгъуэхэм зыщыкъуагъасэ центру Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыІэ» къэрал Іуэхущіапіэм и унафэщІым

Къуэныкъуэй Замир Мухьэмэд и къуэм - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыщ Шэрджэм муниципальнэ куейм и «Олимп зэхьэзэхуэхэм щыхуагъасэ сабий-ныбжьыщІэ спорт еджапІэ хэха» ныбжьыщІэхэм щхьэхуэу щІэныгъэ щрагъэгъуэт муниципальнэ Іуэхущіапіэм и гъэсакІуэ-егъэджакІуэм

Коркмазов Виктор Хьусей и къуэм - Шэрэдж муниципальнэ куейм и «Сабий-ныбжьыщІэ спорт еджапІэ» ныбжьыщІэхэм щхьэхуэу щІэныгъэ щрагъэгъуэт муниципальнэ Іуэхущіапіэм и унафэщІым и къуэдзэм

Мигуновэ Наталье Иван и пхъум - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Спортымкіэ, туризмымрэ курортэмкіэ и министерствэм спортымкІ ехьулІэныгъэшхуэхэр къыщыхьыным зегъэужьыныкІэ и къудамэм и Іэщіагъэлі-эксперт нэхъыщхьэм

ХьэцІыкІу Темур Заудин и къуэм - «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и сабий-ныбжьыщІэ спорт еджапІэ» къэрал Іуэхущіапіэм «Бэнэкіэ хуитымкіэ сабий ныбжьыщІэ спорт еджапІэ» и къудамэм и ГъэсакІуэ-егъэджакІуэм.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президент КЪАНОКЪУЭ Арсен.

Налшык къалэ
2011 гъэм шыщхьэІум и 5-м
№119-УП

ПУТИН Владимир:

Ныбжьыщ Іэхэр ди щІэгъэкъуэну

«Урысей зэкъуэт» партым и пашэ, УФ-м и Правительствэм и Унафэщ Путин Владимир «Селигер-2011» Урысейпсо щІалэгъуалэ лагерым щыІащ.

«ДЭ НОБЭ дыхуейщ «Урысей зэкъуэтыр» къэдгъэщІэрэщІэну, абы Іуэхуэхэм бгъэдыхьэкІэщІ къыхуэзыгъуэт щІалэ, хъыджэбз жыдэрэхэр хэтщэну», - жиІащ премьерым. Абы кьыхигъэщхьэхуэкІащ ныбжьыщІэ акъылыфІэхэр къэралыр къэгъэщІэрэщІыжыным, абы зегъэужьыным зэрыхашэ Іэмалу «ЩІыхубэ фронтыр къагъэсэфэпыну зэрыхуейр».

«Урысейпсо щІыхубэ фронтым и къалэнщ «Урысей зэкъуэтым» и зэфІэкІым хигъэхъуэну, абы щІыху жыдэрэхэр хишэну. Абыхэм я гупсысэхэр хуэгъэзауэ щІытын хуейщ ди къэралым къыпэщыт къалэнхэр зэфІэтъэкІыным», - пищащ Путин Владимир. - Сэ занщІэу жызоІэ: «Урысей зэкъуэтым» щІыху нэхъыбэ и лъэныкъуэ къэтщІыну, а партыр зэфІэкІрэ акъылрэ зиІэхэмкІэ къэдгъэщІэрэщІэну дыхуейщ», - жиІащ Путиным.

КъыхэгъэщхьэхукІыпхъащ Кавказ Ищхьэрэ федеральнэ округым зегъэужьыным егъэщІыІа Іуэхуэхэм теухуауэ Кисловодск щригъэжІуэкІа зэІущІэми Путин Владимир «щІалэгъуалэ Іуэхум» зэрыщытепсэльыхьар.

Абы УФ-м и Къэрал Думэм и депутату хахынухэр къэзыгъэлъагъэхэр къыхуриджащ «Кавказ Ищхьэрэми къэралми зезыгъэужьыну зэфІэкІ зиІэхэм, жыдэрэгъ зыхэлъ ныбжьыщІэхэм гъуэгу ираты-ну».

«Урысей зэкъуэт» партым и Къэбэрдей-Балъкъэр щІыналъэ къудамэм, и пресс-Іуэхущіапіэ.

● Партхэр

Дзыхь зыхуащІахэр

Гъубж кІуам, шыщхьэІум и 9-м, «Урысей зэкъуэт» партымрэ «Урысейпсо щІыхубэ фронтымрэ» къыздрагъэпэщащ иужьрей зэІущІэр Прохладнэ къалэм щекІуэкІащ. ЩІыхубэ хэхыныгъэхэм хэтащ абы и лъныкъуэкІэ дзыхь зыхуащІа хэхакІуэу 461-рэ.

ПРОХЛАДНЭ , Май, Тэрч куейхэм я лъыкІуэхэм я пащхьэм къыщыпсэльащ УФ-м и Къэрал Думэм и иджырей депутатхэу Васильев Юрийрэ Щхьэгъуэ Адэлбийрэ. КЪБР-м и Парламентым и спикер Чеченов Ануар, республикэм и Профсоюзхэм я федерацэм кьыбгъэдэкІ кандидат псори - Дау Марьям, Къущхьэ Руслан, Мэзло Юрий сымэ. ЛъыкІуэхэм я пащхьэ къыщыпсэльыну икІи езыхэм я пщІэр кьалэтыну Іэмал ягъуэтащ политик ныбжьыщІэхэу Іу Ааэмэтрэ Шыпш Асльэнрэ. Кандидат 15-м жаІащ къыдэхуэсахэр езыхэм я программхэр Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэ Кьанокъуэ Арсен и тельхьэу кІуэващ. ЕтІуанэ увыпІэр иІыгъщ Жамборэ Владимир - процент 92-рэ. Абы кІэлъокІуэ Къэрал Думэм и иджырей депутат ЩхьэгъуэІ Адэлбий, процент 77,4-рэ къэзыхьар. ЕплІанэ увыпІэр иІыгъщ Васильев Юрий - процент 74,4-рэ. Абы кІэлъокІуэ Чеченов Ануар, процент 73,2-р зи тельхьэр.

Прохладнэ къалэм и унафэщІ Пархоменкэ Юлие абы къыздрыкІэрыхуэ щыІэкъым - процент 73,1-рэ.

Кандидатипщ Іым апхуэдэу яхэхуащ Налшык къалэ сымаджэщым и дохутыр нэхъыщхьэ Щоджэн Николайрэ «Кавказ Ищхьэрэм и МРСК» ОАО-м и унафэщІ нэхъыщхьэм и къуэдзэ Геккиев Зауррэ.

ИВАНОВЭ Вячеслав.

● Хэхыныгъэхэр

Къэрэгъэш, Прогресс, Солдатскэ жылагъуэхэм лэжьыгъэшхуэ щокІуэкІ жьы дыдэ хьуа унэхэм щыпсэуэхэр къыщІэгъэІэпыкъуныкІыж зэрыпсэуэ.

КЪАПЩТЭМЭ, ипэ ита ильэсхэм къэралыр апхуэдэу ядэІэпыкъуащ зи Іуэхур уэхымыщІа кьуажэдэс 83-м. Мы Іуэхум теухуауэ дяпэкІэ зэфІагъэкІын хуейуэ къапэщылъ лэжьыгъэхэм трагъэкІуэдэн папщІэ ядэкыри сом мелуан 36-рэ кьыхуаутІыпщащ. Абы щыщу сом мелуан 28-р кьыбгъэ дэкІащ Урысейм псэупІэ-коммунальнэ Іуэхущіапіэхэм я Іуэхур егъэфІэкІуэныжьІ и къэралым фондым, республикэ бюджетым мы Іуэхум хельхьэ сом мелуани 8,5-р.

Жьы дыдэ хьуа унэхэм щыпсэуэхэм папщІэ зи Іуэкьитіуа жылагъуэхэм щатынущ метр зэбгъуэзанатІэ 1500-рэ хьу унэ зэтет мыльагэхэр. Ахэр иджырей мардэхэм тету яухуэнущ.

ЖАНХЪУЭТ Зуэ.

● Прохладнэ куей

Ціыхухэм зыщІагъакъуэ

ФІэкІуэныжьІ и къэралым фондым, республикэ бюджетым мы Іуэхум хельхьэ сом мелуани 8,5-р.

Жьы дыдэ хьуа унэхэм щыпсэуэхэм папщІэ зи Іуэкьитіуа жылагъуэхэм щатынущ метр зэбгъуэзанатІэ 1500-рэ хьу унэ зэтет мыльагэхэр. Ахэр иджырей мардэхэм тету яухуэнущ.

ЖАНХЪУЭТ Зуэ.

ДэІэпыкъуэгъу хуэныкъуэр зэхагъэкІ

● Шэджэм куей

ЩыщхьэІум и 9-м КЪБР-м и Правительствэм и Унафэщ Гертер Иван зи пашэ комиссэм Шэджэм муниципальнэ куейм и социальнэ Іуэхущіапіэхэр къыпльыхьащ.

ГУПЫМ хэтащ егъэджэныгъэмрэ щІэныгъэмкІэ министрым и къалэнхэр зыгъэзащІэ **Щхьэгъэпсо Сэфарбий,** спортымкІэ, туризмымрэ курортхэмкІэ министр **АфІэунэ Аслъэн,** экономикэ зыужьыныгъэмрэ сатумкІэ министр **Мусуков Алий,** узыншагъэр хъумэнымкІэ министрым и къудзэ **Уэрэн Аслъэн,** куейм и администрацэм и Іэтащхьэ **Бакъ Руслан,** нэгъэущІэхэри.

Я́пэу комиссэр кІуащ Шэджэм Езанэ къалэм дэт Щэнхабзэмкіэ унэм. Абы и щхьэгъубжэхэр 2009 гъэм зэрахьуэкІат, апщхьэкІэ унэм и Іуплъапіэмрэ пэш кІуэцІхэмрэ къэгъэщІэрэщІэжьын хуейщ.

Абы и ужькІэ гупыр щыІащ куей сымаджэщымрэ поликлиникэмрэ. Хьэщ Іэхэм къалъытащ ахэр тэмэму зыхуей хуаугъэзауэ. Аршхьэкіэ ящхуэдэу хужьиІэфынукъым дэІэпыкъуэгъу псынщІэм, уз зэрыщІалэхэм хуэхэа унэхэм. Абыхэм я бжэ-щхьэгъубжэхэр, унащхьэ зэхьэуэкІыпхъэщ, я Іуплъапіэхэми елэжьын хуейщ.

КъыкІэлъыкІуэу комиссэм кьыплъыхьащ Шэджэм ЕтІуанэ къуажэм дэт курыт еджапІищ. Гупым хэтхэм кьызэралъытамкІэ , езанэмрэ етІуанэмрэ спорт Іэмэпсымэщ Іэхэм хужьныкъуэу. Ещанэр школыщІэщ икІи пщІантІэр къэхухьын, автобус кьахуэщэхун, пэш кІуэцІхэм компьютер яхущІэгъэувэн хуейщ.

АджкІэ Гертер Иван зи пашэ гупыр Лащынькъей къуажэм кІуащ. Абы дэт етІуанэ курыт еджапІэр кьыщыпльыхьыным, комиссэм кьыльытащ унэтъащІэхэмкІи, спорт ІэмэпсымэхэмкІи, шхапІэмкІи ар зыхуей хуамыгъэзауэ.

Комиссэр щыІащ жьылагъэм дэт «Узыншагъэр хъумэнымкІэ муниципальнэ Іуэхущіапіэ» жьхуиІэми. Ар зыхэт унэм и язныкъуэ пэшхэм кьуажэ администрацэр щІэсщ. Апхуэдэ щытыкІэр къыздремызэгъыр, Іуэхущіапіэ ухуэн зэрыхуейр кьалъытащ гупым хэтхэм.

Щэнхабзэмкіэ унэр къыщапльыхьым, комиссэм хэтхэр арэзы тхьауегъэ пэшышхэм щІэт щэнтхэр зэхьэуэкІын, блынхэм елэжьыжьын зэрыхуейм.

КъыкІэлъыкІуэу гупыр кІуащ Шэджэм Ищхьэрэ балъкъэр кьуажэм. Я́пэ щыкІэ кьапльыхьащ поликлиникэрэ дэІэпыкъуэгъу псынщІэрэ зыхэт амбулаторэр. Абы и Іуплъапіэр къэгъэщІэрэщІэжьын, унащхьэ тельыр яхуэзэхуэкІын хуейуэ кьильытащ комиссэм.

- Кьуажэ администрацэр зыщІэс унэр жьыщ, ауэ иджыкІэ щытхуэмыкъуэтэнкІэ, зэрыщыту къэгъэщІэрэщІэжьын хуейщ, - жиІащ Правительствэм и Унафэщ Іэм.

Ижькрейуэ дыздэщыІар Хьэщтэ-Сырт кьуажэрщ. Я́пэ щыкІэ кьэпщытакІуэ гупым кьыплъыхьащ Щэнхабзэмкіэ унэр. Ар жьы хуэщ. Абыр хуэдизкІэ администрацэмрэ зыщІэс унэхэр зэбгъэпэщыж мыхьэну кьалъытащ комиссэм хэтхэм. А Іуэхум КъБР-м и Президент Кьанокъуэ Арсен щІыпІэ-щІыпІэхэм щригъэжІуэкІыну щыхэпльэжьыщ.

Кьуажэм дэт курыт еджапІэм и унэр щащІар 1990 гъэрщ, аршхьэкІэ и унащхьи, и Іуплъапіи кьэгъэщІэрэщІэжьпхъэщ. Ар кьыплъыхьауэ кьыщыІукІыжьым, Правительствэм и Унафэщ Гертер Иван кьуажэдэс лІыжь гуп кьыбгъэдэхьащ. Ахэр щІэплъэІуащ бгым уэзрыщызекІу хьун гъэгъуэхэр яубзыхунымкІэ республикэм и унафэщІэхэр кьадэІэпыкъуну.

КЪУМАХУЭЗлъэн.

● Шэрэдж куей

Къабзагъэм йогугъу

ЩІЫПІЭХЭР зэщІэгъэкъэбзэнымрэ щхьэантІагъэхэр хэсанымрэ я́теухуауэ КъБР-м и Правительствэм кьищта унафэм тету илъэс кьэс ирагъэкІуэкІ мазитІ лэжьыгъэр кьызэрырахьэлІэрэ фІыуэ щІа пэтми, а Іуэхум ноби щыпащэ жылагъуэхэр ди мащІэжьым. Кьапщтэмэ, Аушыджэр кьуажэ администрацэм и нэІэ тету мы махуэхэм гъуэгубгъуэхэр, псы Іуфэхэр, мэз лъапэхэр, гъавэ щІапІэхэм я Іэгъуэблагъэхэр зэщІагъэкъабзэ.

Мы Іуэхум хухаха техникэхэмкІэ я́гъэсей пхъэнкІий идзыпІэхэр. Дыкъэзыухъурехьхь щІыуэпсым и къабзагъэр хьумэным хуэунэтІауэ ирагъэкІуэкІ мы Іуэхум кьыдэкІуэу администрацэм и лэжьакІуэхэм зыхэлІэхэр кьызэхахІухь, цІыхум и узыншагъэмкІэ экологие кьабзэм иІэ мыхьэнэм теухуа псальэмакъ щхьэпэхэр драгъэкІуэкІыу. Аушыджэр жылэм мыпхуэдэ лэжьыгъэхэр илъэсым и кІуэцІкІэ щІышрагъэкІуэкІым и щхьэусыгъуэр кьуажэ куэдым пхъэнкІий идзыпІэхэр зэрыщыбзагъуарщ. Псом нэхъ-рэнэхь шынагъуэр мы гъэмахуэ хуабэм абыхэм мафІэ зэрыщІадзэрщ. Къудым кьаугъуэрыІуэркъым иджырей кІэрыкъубжьэрыхуэм металл хьалъэхэм уаззрыщІрихьэлІэр. Абы кьыхэкІыу кьэлъытапхъэщ, уэзбакъуэ мыкъуну санитар хабзэ щхьэхуэхэр зэрыщыІэр. Кьабзагъэм теухуауэ Аушыджэр кьыщІэтэ лэжьыгъэм жьыджэру кьыхьыкащ щыкІэ администрацэр, Іуэхущіапіэхэр, дин лэжьакІуэхэр. ЩІыпІэхэр сыт щыгъуэ кьабзэзуу, шынагъэншэу щыгъэтынымкІэ жэрдэмыр кьыхэзылъхьакъым шэч кьытрахьэрэкъым зэкъуэту уэзлэжь Іуэхум Іэужьыфі зэрыІэнэм.

ШЭРЭДЖ Дисэ.

● Псапэ

«Жэм етын»

Къэбэрдей-Балъкъэрым и Сабий фондым ильэс зыбжанэ хьауэ ирегъэкІуэкІ быиуагъэшхуэхэмрэ хуэмыщІауэ псу унагъуэхэмрэ яІэпыкъуным теухуа псапащІэ Іуэху, «Жэм етын» зыфІаща акІэр зэрекІуэкІа ильэси 4-м кьриубыдэу абыхэм унагъуэ хуэдизу зыщІагъэкъуэну хуэнсащ.

САБИЙ фондым и унафэщІ Умэ Светланэ щыгъуазэ дызэрищІамкІэ, дэтхэнэ зы сабийм кІи, ар зэрыс унагъуэмкІи Іэшым нэхъапэ ерыскъыхэкІ щыІэкъым. Аращ жэм кьыш тыгъэ зыхуащІэр абы ямылейуэ щІыщыгуфІыкІри. Псапащ Іуэхум жьыдэру кьыхохьэ мылъку зыбгъэдэль щыхуэхэр, кьрычэтыщІэхэр. Абыхэм я дэІепыкъуныгъэм и фІыгъэкІэ мы илъэсыр кьызэрихьэр жэм кьащу 6 ятащ. Абы хиубыдащ Жэмтхьэлэ щыщу 1 унагъуэ, Нартан дэсу 1, Бабугент кьуажэм щыщу апхуэдэ тыгъэхуащІащІэ зэуэ унагъуи 3-м. Фондым и унафэщІым кьызэрыхигъэщамкІэ, мыхьэнэ ин зиІэ мы Іуэхум адэкІи кьыпащнущ, унагъуэ хуэмыщІахэмрэ бынунагъэшхуэхэмрэ ядэІепыкъуну хуэщІащІ щыІу ныхьыбэ кьызэрыращэлІэнми хэтынущ.

Акцэр купщІафІэу екІуэкІыныжьІ сэбэпышхуэ мэхъу Сабий фондымрэ жылагъуэ и администрацэхэмрэ зэпащІэныгъэ яку дэлъу сыт щыгъуи зэрыщІэдэлажьэр. Куей, кьуажэ унафэщІэм дэІепыкъуэгъу хуэныкъуэхэр ягъэбелджылыри, фондым хьыбар кьрагъащІэ. Абы ипкъ иткІэ лъэныкъуитІми Іуэхур яубІэ.

ЛЬОСТЭН Муэ.

Дэрэжэгъуэр я нэгум къищу

Гъэмахуэ зыгъэпсэхуэгъуэм адэ-анэхэм дэІепыкъуэгъу яхуохьу а лъхьэнэм хьыхь мазищми лажьэ сабий садхэр. Абыхэм ящыщщ Налшык дт «Пхъэхуей цыкІу» («Березка») сабий гъэсапІэ №29-р.

● Гъэмахуэ-2011

САДЫМ и унафэщІщ зи ІэщІагъэм фІыуэ хэзыщІыкІ, лэжьыгъэм и къэзгъэпэщакІуэ ІэкІуэлъакІуэ Хьэщыкъуей Анжеликэ. Ар «Пхъэхуей цыкІум» и нэхъыщхьэ зэрыхьурэщ сабий садыр гъэмахуэми лажьэу зэрызэтраухуар. Іуэхущіапіэм езым и псы гъэхуэбапІэ иІэ зэрыхуар, сыт хуэдэ зэмани сабийхэр кьуэат зыщІэлъ ерыскъы ІэфІкІэ кьызэрыгъэпсэпэщыфІр, нэгъэзыщІ Іэмалхэри лъабжьэ хуэхъуащ апхуэдэ лэжьэкІэ мардэм.

- ЕгъэджэныгъэмкІэ кьалэ департаментым и унафэщІэхэри, нэхъыщхьэраши, ди деж кьекІуалІэ сабийпсэмрэ абыхэм я адэ-анэхэмри арэзы кьещІ ди Іуэху кьызэгъэпэщыкІэм, - жеІэ Анжеликэ. - Гуп зэрыбгъым ди лэжьыгъэр тэмэму кьыдохьулІэ, адэкІи ар зэредгъэфІэкІуэным дыхущІокъу.

Сабий садым и гъащІэр.

«Пхъэхуей цыкІум» гъэмахуэм кьокІуалІэ сабий 200-м нэс. Абыхэм я махуэр хьэлэмэту, гукъыдэжрэ дэрэжэгъуэрэ яІэу екІуэкІыным хуолажьэ сабий Іуэхущіапіэм и Іэщіагъэлі псори. Дапщэщи хуэдэу, а лъхьэнэми садым щолажьэ щыкІуэхэм я узыншагъэм кІэлъыплъ медицинэ Іэщіагъэлі Іэхэр, абыхэм я кьуэхым, гупсысэм зезыгъэжьэ гупжьей зэмылІуэжьыгъуэхэр. Апхуэдизу сабийхэм Іэмал яІэщ садым щыІэ басейным зыщагъэпсКІыну. Абыхэм папщІэ я гъащІэкІуэхэм къызэрагъэпэщ дзэгукІэ зэмылІуэжьыгъуэхэр, зэпеуэхэр. Мы илъэсым зи школ кІуэгъуэ хьуахэм щхьэхуэу ядолажьэ гъэсакІуэхэр, егъэджакІуэхэр.

«Пхъэхуей цыкІу» сабий садыр жьыджэру хэтщ кьаджэм щекІуэкІ зэхьэзэхуэ зэхуэмыдэхэм. Ар тЭунейрэ пашэ щыхьащ «Сабий сад нэхьыбІ» кьалэпсо зэпеуэм, фІыщІэ тхьыль зыбжанэ кьратащ. КьэкІуэну зэманым садым екъэІлауэ яІэ мурадхэм дыщыщІэупщІэм, Анжеликэ кьыджинІащ Іуэхущіапіэм зиужьным хуэгъэпса программэхэр зэрыщыІэр, ахэр гъэзэщІэным гулыитэ хэха зэрыхуащІынур. ЩІэблэ узынШэ кьэгъэхьуным хуэунэтІа я гуращэ псори кьехьулІэну ди гуапэщ «Пхъэхуей цыкІум» и лэжьакІуэхэми гупым и пашэ Хьэщыкъуей Анжелики.

ШАГЪЫР Диана.

Къэрэгъэш, Прогресс, Солдатскэ жылагъуэхэм лэжьыгъэшхуэ щокІуэкІ жьы дыдэ хьуа унэхэм щыпсэуэхэр къыщІэгъэІэпыкъуныкІыж зэрыпсэуэ.

Аргуэру зэхоуэ

«Рейтер» хьыбарегъащІэ ІэнатІэм кьызэритымкІэ, Корее Ищхьэрэм и ВМС-р дыгъуасэ топышжІэ еуащ Корее Ищхьэрэм.

Корее Ищхьэрэм и хьыбарегъащІэ ІэнатІэхэм кьызэратымкІэ, топышэхэр щІагъуэ «щхьэусыгъуэхэр кьотІасэ мы махуэхэм дэлэ иритьэкІуэжьІ гъэсэныгъэхэм кьызэщІаубыдэ Іуэхугъуэхэм».

«Рейтер» ІэнатІэм кьызэригъэльагъуэмкІэ, кьращІам жэуап иритьжу, Корее Ищхьэри топышжІэ еуащ Корее Ищхьэрэм.

Корее Ищхьэм зыхьымэжыныгъэмкІэ и министерствэм зэрыщыжаІамкІэ, топышэхэр Йонпхёндо хьтІыгум пэмыжьажьу тенджызыпсым хэхуащ.

Зы льэпкъыр гуэщауэ щыпсэу а къэралитІым апхуэдэ кьауфэхэр щІэх-щІэхыурэ я зэхуэку кьыдохьуэ, Йонпхёндо хьтІыгур кьуэзэрымыгъэгъэщу. Уеблэмэ изэгъабэ абы я Іуэхур зауэм хуэкІуэным зымащІэщ иЭжар.

● Партхэр

ЛъкІуэ Іэщіагъэм

ИТАР-ТАСС хьыбарегъащІэ Іуэхущіапіэм дыгъуасэ кьызэритымкІэ, США-м щыху имыкъыльытэхь и аппаратыр (БПЛА) дыгъуасэ теуащ Пакистанымрэ ищхьэрэ-ищІэ щІыналъэмкІэ щыІэ боевикэм я лагерым, щыху 20 хуэдиз хэкІуэдащ.

«Dawn News» телеканалым кьызэригъэльагъэмкІэ, кьращІам кьызэрыкьуар Мираншах къалэм пэжьжьэкъым. Къэзылъытыхь аппаратым ракетитІ ирИышщи, зы унэрэ зы автомобилрэ икьутащ. ХэкІуэдахэм яхэпщхэмэ къэралхэм (Іасалъэм папщІэ, хьэрыпхэмрэ узбекхэмрэ) щыщ боевикхэр.

Мы гъэм и накьыгъэ льандэрэ США-м и дронхэр (араща а къэзылъытыхь аппаратхэм зэредэжэр) 20-м щІигъуэ теуащ Пакистаным и ищхьэрэ-ищІэ щІыналъэхэм. Абы кьыхэкІыуи, Ислъамабад щыІэ унафэщІхэр егъэлеяуэ мыарэзыуэ зэхъым зэрыпсэльар, псом хуэмыдэу, мамыру псэу цІыхухэри зэрыхэкІуадэр кьыхагъэщу. Арщхьэкіэ, езы Пакистаным и СМИ-м зэратхымкІэ, а къэралитІыр щхьэхуэ зэгурыІуащ боевикхэр здэщыІэ щІыналъэм США-р еуэным теухуауэ.

2010 гъэм дронхэмкІэ Америкэр Пакистаным и щІыналъэм еуащ 115-рэ, яукІа щыху бжьыгъэ 670-м нэсащ.

Бзаджэ е бэшэч?

ИТАР-ТАСС хьыбарегъащІэ Іуэхущіапіэм кьызэритымкІэ, США-м щыху имыкъыльытэхь и аппаратыр (БПЛА) дыгъуасэ теуащ Пакистанымрэ ищхьэрэ-ищІэ щІыналъэмкІэ щыІэ боевикэм я лагерым, щыху 20 хуэдиз хэкІуэдащ.

«Dawn News» телеканалым кьызэригъэльагъэмкІэ, кьращІам кьызэрыкьуар Мираншах къалэм пэжьжьэкъым. Къэзылъытыхь аппаратым ракетитІ ирИышщи, зы унэрэ зы автомобилрэ икьутащ. ХэкІуэдахэм яхэпщхэмэ къэралхэм (Іасалъэм папщІэ, хьэрыпхэмрэ узбекхэмрэ) щыщ боевикхэр.

Мы гъэм и накьыгъэ льандэрэ США-м и дронхэр (араща а къэзылъытыхь аппаратхэм зэредэжэр) 20-м щІигъуэ теуащ Пакистаным и ищхьэрэ-ищІэ щІыналъэхэм. Абы кьыхэкІыуи, Ислъамабад щыІэ унафэщІхэр егъэлеяуэ мыарэзыуэ зэхъым зэрыпсэльар, псом хуэмыдэу, мамыру псэу цІыхухэри зэрыхэкІуадэр кьыхагъэщу. Арщхьэкіэ, езы Пакистаным и СМИ-м зэратхымкІэ, а къэралитІыр щхьэхуэ зэгурыІуащ боевикхэр здэщыІэ щІыналъэм США-р еуэным теухуауэ.

2010 гъэм дронхэмкІэ Америкэр Пакистаным и щІыналъэм еуащ 115-рэ, яукІа щыху бжьыгъэ 670-м нэсащ.

ЛъЭІу гъэщІэгъуэн

ИТАР-ТАСС хьыбарегъащІэ Іуэхущіапіэм дыгъуасэ кьызэритымкІэ, Тыркум къэралщыщ Іуэхуэхэмкіэ и министр Давутоглу Ахьмэт Дамаск щыІущІащ Сирием и президент Асад Башар.

- Дэ а къэралым и президентым наІуэу, кьехьэкІ-нехьэкІ кьэмылъу жетІащ Сириер кьызэрыхута щытыкІэ гугъум, щІыху мамыру кущэ зыхэкІуадэ кьаугъэхэм кьызэрыхэкІыфыну щыкІэр. ЦІыхухэмрэ дзэмрэ зэжьэхэуныр афІэкІа кьэмыгъэхъуным теухуауэ дызэпсэльащ, - жеІэр Давутоглу Ахьмэт.

Сирием и президентым а зэІущІэм зэрыщыжиІамкІэ, щІэпхьаджащІэ гупхэр иужь итщ къэралым и псэуКІэр зэщхьэщахуну.

Тыркум къэралщІыб Іуэхуэхэмкіэ и министрыр Сирием щІеблэгъэм иІэр зы щхьэусыгъуэщ: абы и деж США-м и къэрал секретарь Клинтон Хиллари телефонкІэ къэпсалъэри кьелъэІуат Сирием щекІуэкІ къаугъэхэм Вашингтон зэрытегъэзвыхьыр президент Башар Асад Іэригъэхьэжьыну.

Мы махуэхэм

Щыщхьэ Іум и 11, *махуэку*

◆Чад Республикэм и льэпкъ гуфІэгъэщ - 1960 гъэм къэрал щхьэхуит хьуащ.

◆1934 гъэм кьалъхуащ Урысей Федерацэм щІыхь зиІэ и артист, Къэбэрдей-Балъкъэрым и цІыхубэ артист, Щоджэнщ Іыкъ Алий и цІэр зезыхь Къэбэрдей краеведэ драмэ театрым и джэгуакІуэу щытА Къаздохьу Сэ́ультАй. 2003 гъэм дунейм ехьажащ.

Дунейм и щытыкІэнур:

◆«meteonovosti.ru» сайтым кьызэритымкІэ, нобэ Налшык зэрыІу щыщытымкІ, Хуабэу махуэм градус 27-рэ, жэщым - градус 18 щыІэнущ.

Щыщхьэ Іум и 12, *мэрем*

◆ЩІалэгъуалэм я дунейпсо махуэщ

◆Урысей Федерацэм и Дзэ-Іуэуа кьаурэхэм я махуэщ

◆1953 гъэм СССР-м дунейм щыяпэу водороднэ бомбэр игъэзэнуэщ.

◆Каспий и щІыналъэхэм я махуэщ

Дунейм и щытыкІэнур:

«meteonovosti.ru» сайтым кьызэритымкІэ, Налшык мащІэу уэшх кьыщецыхьнущ, хуабэу махуэм градус 26-рэ, жэщым градус 19 щыІэнущ.

Лъапэр лъэхъэнрэ
ГЪУЩІОЗарифэ.

Лъэпкъ Іуэщагъэ:

Ущымытхъущэ - пхуэубыжьынкъым.

Республикэм щыпсэуэхэм гу зылъатапхъэ

Іуэлъхьэ зэрызэІэпахым, кьррупцэм пыщІа Іуэхуэхэр зэралэжьым е ялэжьыну зэрызагъэхьэзырым теуха хьыбарэм фыщыгъуазэмэ, сыт хуэдэ зэманми фыпсалъэ хьунущ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президентым и Администрацэм и деж щыІэ **8(8662) 47-17-79, 47-32-56** телефонхэмкІэ.

Экономикэ Политикэ

Махуэку

Кавказ Ищхъэрэ Жылагъуэ

Евмыгъэлей!

Ерыскъыхэкіхэр нэхъ куэд мэхъу

● Уасэхэр

Мы гъэм мэкъуауэгъуэм ехуэхыу хуежващ ерыскъыхэкіхэм я уасэхэм. Арщхьэкіэ щіыхухэм яІэрыхьэ хэхъуэжа1этыр нэгъабэрэйм процент 1,4-кіэ къыкІэро ху, кьІт щ Урысеим Статистикэкіэ и къэрал комитетым.

ІЭЩІАГЪЭІХЭМ кьалытэ апхуэдэ щытыкІэр гъэр иухыхукІэ щыІэну.

Ерыскъыхэр нэхъ пуд хьууэ хуежващ гъавэщІэр кІрахьэлІэжу щІадза иужь. Аращ уасэхэр ехуэхыимкІэ гугъапІэ псори зэхьэлІар. ЗэрыхуагъэфащэмкІэ, мы илъэсым инфляцэр процентыр 6,5-м - 7-м щхьэдэхынукъым. Ильэс ныкъуэм ар процентыр 5-м нэсащ. Ар нэгъабэ ельытауэ процент 0,6-кІэ нэхъыбэщ. Ауэ инфляцэр нэхъ хуэм мэхъу мазэ зыбжанэ хьуауэ.

Я уасэхэр ехуэхащ къэбістэм, бжыыным, хьэжыгъэм, гъэшым, кхъуейм.

Арщхьэкіэ мыерыскъыхэкіхэм я деж Іуэхур щыынэгъуэщІ. Бензиным и уасэр зэпымыууэ докІуей. Дянэкіи ар нэхъри нэхъ льапІэ хьуну къыщІэкІынуи.

Цыхуухэм яІэрыхьэ хэхъуэхэм (налогхэр хэгъэкІауэ икІи инфляцэр зыхуэдизри кьэльытауэ) мы гъэм процент 0,7-кІэ заІэтащ. Ар инфляцэм и псынщІагъым зыкъомкІэ къыкІэроху.

- Хэхъуэхэм захъуэжыныкъым мы илъэсыр иухыным кьэнэжа зэманми, - жеІэ Экономикэм и школ нэхъыщхьэм и Іэщагъэлэ Миронов Валерий. - Іуэхущапіэхэм Іэмал яІэхьым улахуэхэр кьаІэтыну. Нэгъабэ абыхэм лэжьакІуэхэр зыкъомкІэ агъэмэщІащ, иджы а мардэм щхьэдэх хьунукъым. НэгъуэщІ къэралхэм къраш хьэпшыпхэм я процент 40-р. Ди Іуэхущапіэхэр апеуэн хуей мэхъу нэгъуэщІ къэралхэм щыщхэм. Ди къэралым и промышленностым и дежкІэ хэкІыпІэу увынт лэжьыгъэм кьыпах хьерым хагъэхьуэныр, инновацэхэм хуэкІуэныр. Ауэ ар псынщІэу зэбгъэхьулІэфыну Іуэхукъым. Абы щыгъуэми инвестицэхэр кІыхьлІыщхь.

Хэхъуэхэм зэрыхэхъуэми ельытащ ягъэхьэзырам иІэ щІэупщІэри. Инагъэхэм кьыщалэжь ВВП-м и процент 50-р. Абы экономикэм и зыужьныигъэр щІегъэхуабжьэ. Цыхухэм я хэхъуэхэм замыІэтми, розничнэ затум процентыр 5,6-кІэ хэхъуащ, ауэ ар зыикъомкІэ нэхъ мащІэщ 2010 гъэм ельытауэ. Абы щыгъуэми, сатум зеужь нэгъуэщІ къэралхэм кьрашхэр зэращэхуэм кьыхэкІыу.

Инвестицэхэм процентыр 4,7-рэ хьуащ. Ар Іэщагъэлэхэр зыщыгугъам нэхърэ куэдкІэ нэхъ мащІэщ. Бжыгъэхэр зэфІохуэх, зэм доуей. Псальэм и хьэтыркІэ, мы гъэм и япэ мазищым ар зэрыхъуар процентыр 2,2-рэ кьудейщ, арщхьэкІэ накьыгъэм процентыр 7,4-рэ дяІащ. Апхуэдэ кьебэ-небэр фІэтелъыджэщ Миронов Валерий. Инвестицэхэр процентыр 10 хьуамэ, иджырей зы процентым и пІэкІэ процентыр 2-кІэ ВВП-м зиІэтынут. Абы щыгъуэми, Іуэхущапіэхэм мылъку ябгъэдэльщ, арщхьэкІэ нэхъ кьащтэ Іэжьыгъэм хамыгъахьуэу ахьшэр зэрагъэкІуэныр. Ар зэльытари политикэ зэІумыбзыныгъэрщ - къэрычэтыщІэхэр попльэ хэхьныгъэхэм кьырикІуэнухэм. Ахэр хуейщ къэралыр зыпсеуфэну гъуэгур ялъагъну.

КУКОЛ Еленэ.
«Российская газета».

● Экономикэ

Аргуэру гугъуехьхэр къыкъуокІ

Дунейпсо экономикэр аргуэру гугъуехьхэм хэхуащ. Иджы Іуэхур зыхуэкІуэнур пыухыкІауэ зыми кьыбжиІэфыныхъым.

США-м и мызакъуэу, адрей къэралхэри долларым щымыгугъами хьунуц 2008 гъэм зыхэхуа гугъуехьхэм кьыхэкІын папщІэ.

Урысеймии Іуэхуэр зэтхъуэжыртэкъым - лэжьапІэм чэфу кьакІуэрт е и щхьэр узыртри щыуэрт. Зы цІыхубз губжьащ ар щилъагъум икІи кІуэри прокуратурэм щытхъэусыхащ.

- Абы къыта тхыльым къыщыгъэлъэгъуащ дохутырыр и лэжьапІэм кьыззэрыкІэрыхуари, абы бзылъхугъэм мыхъумыщІэ кьыззэрыпрэсари. Абы кьыхэкІыу мурад тщІащ Іуэхуэр зыІутыр зэхэдгъэхІыну, - жеІэ Балашов и и прокурорым и дэІэпыкъуэгъу Пафнутов Юрий. - Зэуи кьудгурыІуащ цІыхубзым жиІэхэр зэрыпІэжьыр: дохутырым куэдрэ кьыгурыІуакъым дэ дызищІысыр хэтми, сыт хуэдэ щхьэусыгъуэкІэ дыкІуами. Абы щыгъуэми ди тхыльхэр едгъэлъагъэри зыхуэдгъэзат. ИужькІэ хэгупсысыхри кьыджиІащ: «Фымыгъазэ, дывэІэзэщ».

Сымаджэхэр зыгъэтхъэусыхэр и лэжьапІэм Іуагъэкіынкіэ хъунущ. Пэжщ, Голодяк кьигъэгугъащ ефэн щигъэтыну.

ТИТОРЕНКЭДенис.
«Комсомольская правда».

● Дэнэ сыт къыщыхъуа?

Зэхигъэгъуэщат...

Саратов областым щыщ Балашов къалэм и ещанэ поликлиникэм и дохутыр-онколог Голодяк Виктор (и цІэ-унэцІэр зэтхъуэкІащ - *редакцІэ*) ІэщІагъэлІ къэрзыпщ. Арщхьэкіэ зы лагъуэ иІэщ ефэн фІэфІщ.

НЭХЪАПЭМ сымаджэхэм абы гу лъамытэмэ, нэхъ къащтэрт: сыт хуэдэу щымытами, и лэжьыгъэм фІыуэ хецІыкІ. Арщхьэкіэ иужь зэманым яхуэщхьэрыжыртэкъым - лэжьапІэм чэфу кьакІуэрт е и щхьэр узыртри щыуэрт. Зы цІыхубз губжьащ ар щилъагъум икІи кІуэри прокуратурэм щытхъэусыхащ.

- Абы къыта тхыльым къыщыгъэлъэгъуащ дохутырыр и лэжьапІэм кьыззэрыкІэрыхуари, абы бзылъхугъэм мыхъумыщІэ кьыззэрыпрэсари. Абы кьыхэкІыу мурад тщІащ Іуэхуэр зыІутыр зэхэдгъэхІыну, - жеІэ Балашов и и прокурорым и дэІэпыкъуэгъу Пафнутов Юрий. - Зэуи кьудгурыІуащ цІыхубзым жиІэхэр зэрыпІэжьыр: дохутырым куэдрэ кьыгурыІуакъым дэ дызищІысыр хэтми, сыт хуэдэ щхьэусыгъуэкІэ дыкІуами. Абы щыгъуэми ди тхыльхэр едгъэлъагъэри зыхуэдгъэзат. ИужькІэ хэгупсысыхри кьыджиІащ: «Фымыгъазэ, дывэІэзэщ».

Сымаджэхэр зыгъэтхъэусыхэр и лэжьапІэм Іуагъэкіынкіэ хъунущ. Пэжщ, Голодяк кьигъэгугъащ ефэн щигъэтыну.

ТИТОРЕНКЭДенис.
«Комсомольская правда».

● ЗэхъуэкІыныгъэхэр

Дэ дуухуащ щхьэщхуэ зыфІэтэ, дуэ зи Іэщхьалъэкъыр хуабжьу махуэ къэрал абрагъуэ. Іуэхри лъакъуэхри зэкІэ зыгурурэр кьодаІуэ, ауэ кьикІуэхьныр кІуэ пэмри нэхъ кьытохьэлъэ...

ИДЖЫЛАГЪЭ Медведев Дмитрий къэрал къудыкъущІэхэр кьигъэуІэбжьащ мыпхуэдэ псалъэхэмкІэ: «Иджырей дунейм зы щыІпэм унсу къэралым уна- фэ щыхуэщІыбнукъым. Урысеим Кремлым и унафэм щІэту Іуэху псори щекІуэкІмэ, къэрал хуэкІуэр тэмэмкъым. Ар зэхъуэкІын хуейщ». Президентым кьиГъуэващ къэралым властыр щызэхуагуэшын хуейуэ. Иджы а жэрдэмым йолэжь зэуэ дэжьакІуэ гупитІ - вице-премьерзэ Козак Дмитрийрэ Хлопонин Александрэ я унафэм щІэту. Президентым и дэІэпыкъуэгъу Дворкович Александр жиІагъэхэщ мы Іуэхур щызэфІэкІынур: 2013 гъэм федеральнэ бюджетым сом мелард 500-м кьыщыщІэдзащ сом триллионым нэс хахынэрэ, щыналъэ, щыпІэ бюджетхэм ираты нущ.

Абы кьышэнрэ газетеджэм нэхъ тэмэму кьытурыІуэн папщІэ бжыгъэ зыбжанэ кьэтхьыщ. Щыналъэхэм я процент 85-р (е къэралым и щыхухэм я Іыхьэ щапилІыр нэхьыбэу зыхэпсэукІыр ищхьэкІэ къыхуаутІыпщ ахьшэрщ. 90 гъэхэм кьалэжьыкІэ псэужьыф икІи ахъшэкІэ нэгъэщІхэм ядэІэныкъу щыналъхэр 22 - 25-рэ хьууэ щытамэ, нобэ абыхэм я бжыгъэр хуэдитІкІэ нэхъ мащІэщ - 12 кьудейщ. Адрей губернэхэм я Іуэхуэхэр зэхэзэрыхьащ. Псори зэльытар мылькуэр зэрызэхуагуэш щыкІэрщ: ящэ щыІкІэ къэралым кьыщалэжьа псори властхэм, сабэщІыпым ещхьу, Москва хуаутІыпщ, иужькІэщ а мылькум кьыдэхуар мыгъуэ-махуэ псэун папщІэ щыналъэхэм щытрагуэшэжыр.

Властым и лъабжьэ дыдэм - къуажэхэм я администрацэхэм я деж - нэсыр шхахуэхэщ. «Куейхэм яІэрыхьэм и процент 15 кьудейрщ», - кьыдгурегъаІуэ Цыхухэр хозяйствэм и академиеу УФ-м и Правительствэм и деж щыІэм и кафедрэм и унафэщІ Глазычев Вячеслав.

- Сэ сыщыгъуазэщ и лэжьакІуэхэм улахуэхэр яритмэ, кьэнэжа ахьшэр ззэдыгъпІлІ кьыззэрищхуи фІэкІа щІыпІ? Бюджетым кьащыхуэмынэжа къызэрыхьуэм. УнафэщІэр губернаторым и пащхьэм лъагуэжьэмыщхьэу щыуным хуейщ зэгуэр урысыпщхэр тэтэр хъаным зэрелъэІуу щыта щІыкІэм хуэдэу. ЗэрыгурыІуэгъэщи, зи Іуэхуэ дэжьыр зэфІэкІ зиІэхэркъым, атІэ жыІэдаІуэхэрщ. Абдеж кьыщоюІ щІыпІэ Іуэхуэзехьэхэр мыхьэнэшэу кьыщидзыныр - мэкъэ зыхъэлъ щІыхуэхэм я щхьэр ирахьэх ІэщІагъэлІ жыдзэрхэм я нэгу щипІэкІэ: мэукІыт?, ауэ зыри яхуэзэфІэкІыркъым. Апхуэдэ щыкІэкІи а ІэщІагъэлІ хъарзынэхэм я пІэ ирагъэувэ кьулыкъуэр улахуэрэ фІэкІа нэгъуэщІ гуэри кьызыфІэмыІуэхуэхэр.

Апхуэдабзэу Москва щхьэщІэ хуащІ республикэхэм, крайхэм, областхэм я Іэтащхьэхэм. «НэгъуэщІым и хьэкъкІэ упсэуныр хабзэу уващ, - щІегъуэ Социальнэ политикэмкІэ хамэ унафэщІымыт институтым и щыналъэ программэм и унафэщІ Зубаревич Наталье. - Тренферхэм я Іыхьэ щанитІыр ищхьэкІэ щыІэхэм ягуэш езыхэм зэрафІэфІу. Хэт иратами, щІратам и щхьэусыгъуэри зэхэбгъэкІыну хуабжьу гугъуш. Щыналъэ власткэм и министерствэхэм я щыналъэ кьулыкъущІэхэм Москва кІуэуэ Іуэхущапіэхэр тхьэмахуэ зэхуакуКІэ кьызэхикІухьын хуей мэхъу кьуажэхэм фІыдшер-лъхуапІэ пунктхэр зэрыщагъэмэщІэну щІыкІэр зэригъэщІэн папщІэ».

ЩІыналъэхэм я лъахэр ихын, абыхэм зэфІэкІрэ ахъшэрэ етыын хуейщ, - жеІэ Іэщагъэлъым. - ИтІанэщ щыпІэ властым ткІийуэ ущыбгъэдыхьэныр».

ЗэпэщІэуэ Іуэху бгъэдыхьэкІэ

- Ильэс 200 хуэдиз хьуауэ кьэралыр зэ зы лъэныкъуэкІэ, зэми нэгъуэщІ лъэныкъуэкІэ ирехьэхІ, - жеІэ политологэ Орашкин Дмитрий.

- Ятэрауэ, ар мэшынэ и щІыналъэ ин дыдэхэр езым и нэІэм щІэкІынкІэ. Аращ псори ищхьэкІэ кьикІ Іуэхуэм ткІийуэ щІэтын хуейуэ щІагъэуври. ЕтІуанэрауэ, апхуэдэ Іуэху зехьэкІэм экономикэм зригъэужьыркъым. Пащхьэкъым и щхьэусыгъуэм ззэпэщІэхэр кьызэрагъэпэщащ, абыхэм щІыи ахъши хуаутІыпщащ. АрщхьэкІэ иужькІэ пащтыхьыр щынащ властыр ІэщІэкІэу езыр зыми имыщІысыжу кьыщІэкІынкІэ. Сталиным властыр кьанэ щымыІэу езым зыІэщІилъхьащ. Хрущев хущІэкъуащ властыр зэщхьэщигъэжІыну - щІыналъэ правительствэу щыт совнархозхэр кьызэригъэпэщащ. Брежневым аргуэру властыр зы ищІыжащ, абы и зэманым махуэ кьэс яхьуаІэм хуэдэу министерствэщІэхэр кьэунэхурт. Горбачеврэ Ельцинрэ я Іыхьэнэм властыр нэгъуэщІ лъэныкъуэкІэ бгъунлъащ. АпхуэдизкІэ бгъунлъати, уеблэмэ, СССР-ри лъэлъэжащ. ИужькІэ лъалъэу щІидзащ Урысеим. ЩІыналъэхэм «суверенитету кьащтэрт яхуеГъэлъэтэхыным хуэдиз». Псалъэм и хьэтыркІэ, Тэтэрстаным и властхэр гъущІ гъэзэгу Іыхьэхэу республикэм и щІыналъэм пхырыкІыр приватизацэ ящІыну хуащІэхьащ, езыхэм я бюджетым пошлинэ храгъэльхьэн папщІэ. Сэ си гугъэщ губернаторхэм ягъэбэмпІа Ельцин иущийуэ, Путиныр аргуэру власть псори Кремлым къыхуигъэнэжыным хуэкІуауэ. Путин федеральнэ округхэр кьызэрингъэпэщащ, щІыналъэхэм я Іэтащхьэхэр Федерацэмкіэ Советым хигъэкІащ, иужькІэ губернатор хэхыныгъэхэр зэхуищІыжащ. Абы кьыдэкІуэу, ахъшэр щІэм тету зэхуагуэшу хуежващ: Ельцинымэ и зэманым кьалэжь мылькур центрымрэ щІыналъэхэмрэ я зэхуэдитІт, иджы ахъшэм и Іыхьэ щанитІым щигъэр Москва Іэрохьэ.

Арати, аргуэру къэралыр нэгъуэщІ лъэныкъуэкІэ ягъэбгъунльащ, кьыхегъэщ политологым: «Сыт губернаторым е мэрым щІыналъэ экономикэм зыщІригъэужьынур, абы лейуэ кьыІэрыхьэ псори Москва зэрыІэщІинхьэутынур щищІэкІэ? Зи Іуэху дэкІар езым и щІыналъэм экономикэр кьыщызыІэтыркьым, атІэ дотацэхэр Іэзэу щІагъэхэр тхьэмахуэ зэхуакуКІэ кьызэхикІухьын хуей мэхъу кьуажэхэм фІыдшер-лъхуапІэ пунктхэр зэрыщагъэмэщІэну щІыкІэр зэригъэщІэн папщІэ».

ЩІыналъэхэм я Іуэхур ихын, абыхэм зэфІэкІрэ ахъшэрэ етыын хуейщ, - жеІэ Іэщагъэлъым. - ИтІанэщ щыпІэ властым ткІийуэ ущыбгъэдыхьэныр».

Москва Іуэхур гугъэщ щыналъэхэм я щхьэусыгъуэр; кьалэщхьэм щыІэщ ушыгъэр; кьалащхьэм щыІэщ компание инхэм я нэхьыбэ дыдэр», - кьыхегъэбеледжылыкІ Къарал Думэм и депутат Гальченкэ Валерий. Ильэс зыбжанэ и пэкІэ абы Іуэху тельыджэ кьыхилъхьат: Москва властым и ІэнатІэхэр дагъэІэпхъуэкІыу ахэр къэралым и щІыналъэхэм щыхагъэщэну. Правительствэр - Екатеринбург, Къазэ Думэр - Новгород Ищхьэрэ, Федерацэмкіэ Советыр - Новосибирск, Конституцэ Судыр - Владивосток Іэпхъуэн хуейт. ИщхьэмкІэ ар делагъэщ ныщалъытащ икІи Іуэхур иухащ Конституцэ Судыр Санкт-Петербург ягъэЗэпхъуэри. Москва къэнэжащ зэрыщытыгуэ. Мыращ Іуэху псори щызэфІагъэкІыр. АрщхьэкІэ апхуэдэу куэдрэ екІуэкІыну? Президентми ар зэрымытэмэщ щыжиІакІэ, щытыкІэм зэхъуэкІыныгъэ гуэр игъуэтын хуейщ. Ауэ ущІэмыгугъщІэнкІэ Іэмал иІэкъым: а зэхъуэкІыныгъэр фэрыщІыгъэ хэмылъу тэмэму зэфІагъэкІыну пІэрэ? Ахъшэр зыІэщІэгъэкІыгъуэфІэкъым. «Мэрхэр хэхын хуейщ, щІыхухэм яужэгъущ сэбэныпшэ менеджерхэр, - жеІэ Зубаревич Наталье. - ИтІанэ губернаторхэр хэхыни ухуэжІуэж хъунущ».

«Узыгъэгузавэ хъыбарэр щІыпІэхэм икІыуэ Москва нос, - щІегъуэ Орешкин Дмитрий. - Абы дыщегъэгугъ къэралым и Іэтащхьэхэм пэжыр ялъагъунымэ. ИкІэмикІэжьым ахэр егупсысын хуейкъ я къэхІуэнум?

ЦЕПЛЯЕВ Виталий.
«Аргументы и факты».

● Гъуазджэ



Цензурэм емызэгъыу 1984 гъэм Франджым Іэпхъуа куржы режиссер Иоселиани Отар Москва иджы дыдэ щигъэлъэгъуащ «Шантрапа» фильмыщІэр. Ар теухуащ хамэ щІыналъэм къыщыхута куржы режиссер ныбжьыщІэм и гурыгъу-гурыщІэхэм.

Сурэтым: фильмым щыщ зы тепльэгъуэ.

Мылъкушхуэ зиІэхэм я хэщІапІэ

● Къухьэпіэ

Къухьэпіэм зыкъегъэлъагъуэ сыт хуэдэ мызаХуагъэри имыдэу. Абы и Іуэху хелъхъэ щІыналъэхэм сыт къыщыхъуми: властхэр оппозицІэкІэ щызэра-хъуэкІ Къухьэпіэ Гъуэгъэгъуэм юрист Магнитский зи лъэхъуэщхьэм щІэлІыхьа Урысеймии.

ЯПІЭ ЩІЫКІІЭ бомбэхэмкІэ ар йоуэ езым игу иримыхь къэрал Іэтащхьэхэм. ИужькІэ США-м кІуэ мыхъуну кьаІытэ урысей къулыкъущІэ щІы бжыгъэхэр. Арщхьэкіэ зыри кърамыдэзу мылъку зыІэрызыгъэхьа урысей олигархэр, мис а хабзэхэм Іэджэрэ ебакъуэурэ къуей хьуахэр, нэгъуэщІ къэралхэм щагъэлъапІэ. Уегупсыс зэрыхьунумкІэ, ди бенжьхэм къэралым мылъку ирашынымкІэ Іэмалыфlхэр кьыхуэзэрагъэпэщ хуэдэщ. Иужь илъэс зыбжанэм УФ-м гъэ хъэс доллар мелард 200 ираш. Илъэс 20-р кьапщтэмэ, Урысеим псори зэхэту доллар триллионы 2 ирашащ. Ар ебгъапщэ хъунущ ЕтІуанэ дунейпсо зауэм дгъуэта хэщІынигъэхэм. Захуагъэм и тельхьэ кьухьэпІэ Іэщ1агъэлІхэр хуейкъым а мылъкур зейхэм ар зэралэрыхьа щІыкІэр зэхэгъэкІыну. Олигархэ ныбжьыщІэхэр хуит щІ ягъэІэпхъуэ мылхъу мылъкур, прессэр, футбол клубхэр къащэхуну.

Абы щыгъуэми, американхэр нэхъ ткІийуэ кІэльыплъ хуащІ езыхэм я щІыхь кьулейхэм «офшор» щІыпІэхэм ягъэІэпхъуэ ахъшэр зыхуэдизым. Мы Іуэхум зыхъэщагъэ хальагъуэмэ, ар зэхэзыщІыхьам хуабжьу етхьэкъунущ. Абы егъэщІылІа суд Іуэху зыбжанэ кьэкІуащ икІи США-м Іэрыхьэжащ доллар мелуанхэр.

Ди хьэрычэтыщІэ лэжьакІуэхэм я хэхъуэхэр кьызэдикІым теухуауэ Іуэху бгъэдыхьэкІэ тэмэм щыІэкъым Урысеймии нэгъуэщІ къэралхэми. Пэжщ, псоми ящІэ а мылъкур кьыздикІыр. Куэдым кредит кьыхахащ къэрал бюджетым. А ахъшэмкІэ шэсыпІэ аукционхэм пудыбзэу кьыщащэхужащ Іуэхущапіэ ин дыдэхэр. Иджы а завод абрагъуэхэм я лэжьакІуэхэм мазэ бжыгъэкІэ улахуэ щаІэрымыхьэ къохьу. Псори нэрылъагъущ, арщхьэкІэ Къухьэпіэм ар илъагъуну хуейкъым. Абы и политикэр Ходорковскэм хуэдэ олигархэм кьадощІ, нэгъуэщІ къэралхэм мыІэпхъуэжахэу Урысеймии кьына къуленжьхэм, къэралыр иджыри зышхэм ядоІэпыкъу.

Псори бедджыныщ: зэфІэкІ зыбгъэдэлъхэм къагъэсэбэпыр Ходорковскэм зригъэса Іэмалхэрщ.

КІэщІу жыпІэмэ, мылъку зыбгъэдэлъхэм ар Урысеим доллар мелардхэмкІэ ираш кьухьэпІэ къэрал пажэхэм я арэзыныгъэ хэлъу. Абы еплытмэ, Урысейр кьызэрагъэгугъа инвестицІэхэр уэпхъ щадэ кьудейщ - ахэр тъэмахуэ хуабэм хьэуам хэкІуэдэжьынущ ди щІым кьыхэмытКІуэурэ...

ЗЯТЬКОВ Николай.
«Аргументы и факты» газетым и редактор нэхъыщхьэ.

● Ингуш

Дауд-дадэ Іуащхьэмахуэ докІ

КъБР-мрэ Ингушымрэ ящыщ гуп Іуащхьэмахуэ дэкІащ. Абыхэм яхэтащ ингуш дыжь Точиев Дауд илъэс 74-рэ зи ныбжьыр.

АХЭР Іуащхьэмахуэ и кьухьэпІэ щыгум дэкІащ. Ар Европэм щыкІэ лъагэ дыдэщ - метр 5642-рэ и лъагагъщ.

Іуащхьэ нэ хъ лъагэ дыдэм дэкІахэр иригъэблэгъащ Ингушым и УнафэщІ Евкуров Юнус-Бек. Абы кьыхигъэщІхьэхукІащ мыпхуэдэ щапхьэхэр республикитым я щІалэгъуалэр зыдэплъеипхъэу зэрыщытыр.

- Мы Іуэхур дэ зэфІэдгъэкІащ ингушхэмрэ балъкъэр хэмрэ яхэту зи лъахэ ирагъэкІа лъэпкъхэм я фэеплъу, - жиІащ Зубаревич Наталье и и федерацэм и президент, дунейм и кьурш нэхъ лъагэ дыдэ Эверест тІэунейрэ дэкІа икІи гуплм и унафэщІу щыта Ольмезов Абдул-Хьэлим.

Евкуровым хьэщІэ хэм саугъэт лъапІэхэр яритащ, нэхъыжь дыдэ Точиев Дауд автомобиль щІэрыпс лъысащ.

КАРПЕНКЭ Еленэ.
«Комсомольская правда».

● ЗэпыщІэныгъэхэр

ИльэситІ ирокъу Урысей Федерацэм щыпсэу азербайджан щІалэгъуалэ зэгухьэныгъэ зэрыщыгъэгъэпэщэр. Абы и саулыкъыкІэ иджыблагъэ Санкт-Петербург зэІуцІэ щекІуэкІащ. Зэгухьэныгъэм и унафэщІ Алиевэ Лейлэ зэхьэхэм къыщыщыпсалъэм къыжигъащэжхуэкІащ мураду зыхуэгъэувахэм щыщ куэд а илъэситІым зэрызыгъэхьэрэ щІалитІым я зэпыщІэныгъэхэр гъэбыдэнырщ. Ахэр нэхъыбэу зыхуэгъэзэар къэралитІым я зэпыщІэныгъэхэр гъэбыдэнырщ.

Гугъуэтым зыри илажьэтэкъым

● Суд

Москва и Бабушкин судым гъуэгупатруль Іэнатіэм и лэжьакІуэу щыта Кулаков Роман илъэс 12-кІэ лъэхъуэщым ирисыну тезыр трилъхьащ щІыхуэ зэриукІам къыхэкІыу. Ар ирисынущ хабзэ ткІий здэщыІэ тутнакъэщым.

ЩІЭПХЪАДЖАГЪЭР абы щилажьащ нэгъабэ и жэпуэгъуэм къалащхьэм и универсамэхэм ящыщ щы.

Пщэдджьыжьым жьыуэ ар щІыхьащ тыкуэным. Зыуэ ту лъытащ дыку зэрыгъаллон щІыкІым. Кьыщтэри, зытриутащ. Хьэпшыпыр кассэм и гъунэгъу щыльти, затуущІхэм ягугъащ щІыхухъум ар ищхэуну. АрщхьэкІэ абы баллон щІыкІур игъэтІылъыжри, зыри къэмыхъуам зэхуэдэу щІэкІэ кІуащ.

Ар илъэсгъащ тыкуэным и хьумакІуэ Гугъуэт Сергей. Абы Кулаков хуигъэуващ кьигъэсэбэпа льэпшыпым и уасэр итыну. АрщхьэкІэ мыдрейр кьехьэунащ. Кулаков псынщІэу щІэкІыжьыну хуежващ, ауэ хьумакІуэр абы кІэлъыкІуащ. А тІур аргуэру щызэщІыхьащ тыкуэн щІыхьэпІэм и деж. ИтІанэ Кулаков фэбжь зэрырадз кІэрахъуэ кьрипхъуэтри, щэхэр хуэмакІуэм и нэкІум тригъэльалъэу щІидзащ. И нэхэм ятехуа щэхэм Гугъуэтыр илыкІащ. А псори кьигъэльэгъуащ видеокамерэм.

Апхуэдэ гущІэгъуншагъэм иужькІи Кулаковыр увыІакьым, ар еуэу хуежьащ и лэжьэгъуэ дэІэпыкъуэм кьыщІэкІа нэгъуэщІ хьумакІуэм. Милиционер щытар абы техуакъым. Ауэ хилъэфащ светофор плъыжьым кьигъэувыІа автомобилым исыр: щэхэм пхраудащ абы и иномаркэм и абджхэр. Ар кьижат, хьэщхьэрыІуэ хьуар иубыдыну, арщхьэкІэ мыдрейр щІэпхъуэжащ, абы и нэкІум хуэзри.

ИужькІэ Кулаков езым и автомашинэм итІысхьэри, щІыпІэр ибгынащ. Дакъикъэ щэщІ нэхъ дэмыкІыу ар кьаГъуэтащ. Бзаджэнаджр езым и лэжьэгъуу щытахэми кІэрахъуэкІэ яхэуащ. АрщхьэкІэ яІэщІэкІакъым.

Кулаков ягъэкъуэншащ 105-нэ статьякІэ.

ХэкІуэда хьумакІуэ Гугъуэт Сергей универсамым илъэс зыбжанэ хьуауэ щылажьэрт, и кьалэнхэр хьарзынэу игъэзащІэрт. ХэкІуэдам кьыщІэнащ и щхьэусыгъуэмрэ и сабийхэмрэ.

Ижь ильэсхэм кьаугъэхэр кьыщыхъейхэм деж милиционерхэм нэхъыбэрэ Іэщэ кьагъэсэбэп хьуащ. Псалъэм и хьэтыркІэ, накъыгъэ маззм Новороссийск гъэзэгу зэжьэхэуэм кьытехьеикІа къаугъэм милицэм и лейтенантыр и пІэ кьриишащ: ТТ кІэрахъуэр кьрипхъуэтри, абы кьыжьхэуэ автомобилым и рулыр зыІыгъымрэ нэгъуэщІ зы гъэзугурыкІуэрэ иуклащ.

Москва и Симоновскэ судым илъэсих тезыру трилъхьащ милицэм и подполковникыу щыта Маурин Анатолий, уэс зэратхъу машинэр зезыгъакІуэм зэрылыкІын фабжь езыдзам. Абы кьыхэкІыу Мауриным сом минищэ иритыжьын хуейщ зэкІуэдам и кьуэм.

Москва и метром и мафІэгухэм ящыщ зым щызэщІыхьащ полковник Курочкин Александрэ нэгъуэщІ зырэ. Хабзэхъуэмэр абы кІэрахъуэкІэ кІэлъыуащ. Техуакъым, ауэ хъыджэбзитІ уІэгъэ ищІащ.

ПОЛЕТАЕВ Владимир.
«Российская газета».

НапэкІуэцІыр зыгъэхъэзырар ШАЛ Мухьэмэдщ.